

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Kasang tukang dina ieu panalungtikan nyaéta ayana pasualan anu nyampak dina unggal carita pondok kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani anu ngabahas pasualan wanoja jeung isu génder anu hirup di lingkunganana. Tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun medar citra sosial wanoja anu aya dina kumpulan carpon. Dina maluruh citra wanoja tangtu kudu dipedar kumaha struktur pangwangun caritana. Jadi hal-hal anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nya éta: (1) struktur carita tujuh carpon karya Tiktik Rusyani, (2) isu génder dina sawangan sosial-ékonomi, jeung (3) citra sosial wanoja anu ngawengku lingkungan kulawarga jeung masarakat. Tiori anu dijadikeun tatapakan dina ieu panalungtikan nyaéta tiori struktural Robert Stanton jeung tiori féminis sosialis ngeunaan isu génder jeung citra sosial wanoja.

Struktur dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), jeung sarana carita (judul jeung puseur implengan). Téma anu katémbong dina tujuh judul carita pondok ngaguar pasualan-pasualan anu aya patalina jeung kaayaan ékonomi kulawarga sarta status sosial tokoh salaku anggota masarakat. Galur anu aya dina kumpulan carita pondok mangrupa galur campuran, dimana dina sakabéh carita miboga téhnik plot anu sarua nyaéta ayana *backtracking* pikeun ngaguar masalah saacaanna. Palaku anu aya dina kumpulan carita pondok lolobana mangrupa palaku wanoja. Anapon dina carpon ‘Pindah’, ‘Turus’, jeung ‘Lilir’ palaku utama anu dicaritakeun téh nyaéta lalaki tapi masih nyaritakeun masalah-masalah anu karandapan ku wanoja salaku palaku tambahan. Latar anu katémbong dina kumpulan carita pondok nyaéta latar waktu anu geus modern. Latar tempat anu dicaritakeun rata-rata nyaritakeun kaayaan di lembur jeung di kota anu geus maju. Latar sosial anu digambarkeun nyaéta kumaha kahirupan masarakat dina mangsa modern ku ayana kelas-kelas sosial anu bisa mangaruhan nasibna séwang-séwangan. Judul anu digunakeun dina tujuh carita pondok téh miboga rélévansi

jeung eusi carita boh nyoko kana ngaran palaku, latar jeung pasualan anu dicaritakeun. Puseur implengan anu digunakeun nyaéta pusuer implengan jalma kahiji-utama jeung jalma kahiji-sampingan.

Isu-isu génder anu kapaluruh dina kumpulan carita pondok mangrupa isu génder nau raket patalina jeung widang sosial-ékonomi. Dimana kapanggih ayana kateuadilan génder hususna anu karandapan ku kaum wanoja. Marginalisasi jadi isu génder anu kapanggih dina eusi carita pondok, dimana ayana kateuadilan keur masarakat anu status sosialna handap jeung anggapan negatif keur wanoja anu boga status randa. Subordinasi anu kapaluruh dina eusi carita nyaéta ayana anggapan anu jadi kayakinan masarakat yén lalaki leuwih utama jeung kudu leuwih punjul ti awéwé, dimana ieu hal mangaruhan kana kabébasan wanoja pikeun meunangkeun status sosial jeung atikan anu leuwih luhur. Dina kumpulan carita pondok ogé ngaguar isu génder ngeunaan *double burden*, dimana palaku wanoja miboga beban tanggung jawab ganda nyaéta salaku wanoja anu boga peran domestik jeung wanoja salaku nu néangan napakah. Dikakayana kaum wanoja dicirian ku ayana tindak kekerasan jeung poligami anu ngabalukarkeun kamiskinan keur palaku wanoja nu jadi korban.

Citra sosial wanoja anu dipedar ngawengku citra sosial wanoja di lingkungan kulawarga jeung lingkungan masarakat anu leuwih jembar. Citra sosial anu digambarkeun dina carita pondok mangrupa citra anu positif. Di lingkungan kulawarga katitén kumaha sikep jeung laku lampah wanoja anu boga kalungguhan salaku indung, pamajikan, jeung budak. di lingkungan masarakan katitén kumaha éksisténsi wanoja dina kahirupan pakasaban jeung hubungan sosialna.

5.2 Implikasi

Implikasi ieu panalungtikan anu medar hasil analisis struktur jeung citra sosial wanoja dina kumpulan carita pondok *srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani. Dumasar kana hasil analisis, ieu panalungtikan tangtu miboga kaonjolan jeung kahéngkeran. Dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi panalungtikan dina widang sastra hususna dina widang kritik sastra féminis anu

miboga ragam-ragam séjénna. Ieu panalungtikan ogé miboga tujuan pikeun bisa nambahan pangaweruh jeung jadi bahan teleban sarta motivasi keur masarakat.

5.3 Rékoméndasi

Aya sawatara rékoméndasi anu ditepikeun panyusun, pikeun kajembaran panalungtikan sastra nyaéta kieu.

- 1) Panalungtik dipiharep bisa leuwih nyuksruk jero kana panalungtikan sastra hususna ngeunaan féminisme.
- 2) Ragam tiori féminisme anu jembar, ku kituna panalungtik sastra bisa leuwih ngaéksplor deui ragam kritik sastra féminis katut tiorina hususna pikeun maluruh citra wanoja dina karya sastra.
- 3) Perlu ayana panalungtikan kaharepna, lantaran dina panalungtikan sastra anu jembar, ieu panalungtikan masih kasebut sederhana. Ku kituna, pikeun panalungtik sastra satuluyna dipiharep bisa ngagunakeun tiori séjén jeung ngamekarkeun deui ulikan ngeunaan sastra.
- 4) Perlu ayana gawé bareng jeung masarakat umum pikeun ngaronjatkeun minat budaya literasi.